

Fason pou Mete Yon Mask Kòrèkteman*

Lè ou mete yon mask kòrèkteman se fason ki pi efikas pou anpeche pwopagasyon COVID-19.

Pou mete li:



1 Lave men ou oswa sèvi ak dezenfektan pou men ANVAN ou manyen mask ou.



ANNDAN

DEYÒ

2 Chwazi yon bò nan mask la ki pou toujou bay sou deyò. Si li gen yon bò ki kapab pliye, mete bò sa anlè.



3 Mete bouk nan zòrèy yo toutotou zòrèy ou.



4 Detire mask la pou li kouvri nen ak manton ou.



5 Moulèn bò ki ka pliye a pou li pran fòm nen ou.



6 Lave men ou ankò.

Pou retire li:



1 Lave men ou oswa sèvi ak dezenfektan pou men ANVAN ou manyen mask ou.



2 Sèvi ak bouk nan zòrèy yo pou retire mask la. Pa kite mask la pann nan kou ou lè ou p ap itilize li.



3 Lave men ou oswa sèvi ak dezenfektan pou men.



4 Pliye mask la pou pati ki andedan yo kole ansanm. Mete li nan yon ti sachè an papyè ouvè oswa vlope li nan yon napkin pou resèvi ak li.

* Asire ke ou lave mask ki ka resèvi yo chak jou. Mask la ta dwe adapte yon fason konfòtab toutotou zòrèy ak nen an.

Bon Lavaj men


Lave men ou pandan omwen 20 segonn.

Konsèy yo: Chante chanson Happy Birthday an de fwa oswa chante ABC



1

Louvri tiyo a, mouye men ou epi mete savon.



2

Lave plamen yo.




3

Fwote do men yo.




4

Fwote fant dwèt yo.




5

Lave pwent dwèt yo.



6

Lave dwèt pous yo.



7

Fwote ponyèt yo.



8

Rense epi seche avèk yon sèvyèt.
Sèvi ak sèvyèt la pou fèmèn tiyo a.

ORLANDO HEALTH®

Depistaj Pèsonèl Chak jou

Ede Pwoteje Tèt Ou ak Pwoteje Lòt Moun

Lè ou rekonèt sentòm COVID-19 yo byen bonè, sa kapab bese anpil risk pou COVID-19 transmèt de yon moun a yon lòt.

Repase sentòm sa yo chak jou anvan ou ale lekòl:

- Lafyè (tanperati 100 F oswa plis)
- Souf kout
- Tous sèk
- Malgòj
- Nen k ap koule oswa nen bouche
- Sentòm nan lestomak ak entesten tankou kèplen, vomisman, oswa dyare
- Pèt sans pou pran sant oswa pou pran gou
- Mank ekilib tankou vètij
- Doulè nan misk
 - Feblès jeneral
 - Frison (pafwa avèk tranbleman)
 - Maltèt
 - Kontak pwòch resaman san pwoteksyon avèk yon pasyan COVID-19 pozitif



Si oumenm oswa timoun ou an gen maladi, sa gen ladan sentòm COVID-19 yo, nou dwe rete lakay nou epi pa ale lekòl. Chèche evalyasyon kay founisè swen medikal ou oswa nan yon sèvis swen sante vizit vityèl.

ORLANDO HEALTH®

Etwal Depistaj Pèsonèl Fanmi Nou Chak Jou

Sentòm ak faktè risk pou verifeye yo:

- Lafyè (tanperati 100 F oswa plis)
- Souf kout
- Tous sèk
- Malgòj
- Nen k ap koule oswa nen bouche
- Sentòm nan lestomak ak entesten tankou kèplen, vomisman, oswa dyare
- Pèt sans pou pran sant oswa pou pran gou
- Mank ekilib tankou vètij
- Doulè nan misk
- Feblès jeneral
- Frison (pafwa avèk tranbleman)
- Maltèt
- Kontak san pwoteksyon, kontak pwòch nan 14 dènye jou yo avèk yon moun yo konnen ki gen COVID-19

MANM FANMI: ▶						
Lendi						
Madi						
Mèkredi						
Jedi						
Vandredi						
Samdi						
Dimanch						
Lendi						
Madi						
Mèkredi						
Jedi						
Vandredi						
Samdi						
Dimanch						
Lendi						
Madi						
Mèkredi						
Jedi						
Vandredi						
Samdi						
Dimanch						
Lendi						
Madi						
Mèkredi						
Jedi						
Vandredi						

